

# ADMISYON TEKNOLOJI LAMOD

## Pwosesis Admisyon pou Teknoloji Lamòd

Paske pwogram teknoloji lamòd nou an va yon pwogram Perkins Chapit 74, nou gen egzijans pou nou swiv pwotokòl sila yo pou teknoloji lamòd eta Massachusetts la etabli a. Pwosesis Chapit 74 la mande pou gen senk kategori nan pwosesis admisyon an: odisyon/entèvyou ; nòt ; dosye prezans; dosye kondwit disiplin (pinisyon); ak yon rekòmandasyon ki sot nan lekòl ki refere elèv la. Elèv yo va resevwa yon nòt konbine ki baze sou tout 5 domèn yo. Nou va konsidere tout 5 domèn yo nan yon nòt konbine selon pousantaj swivan yo:

- **50% nòt la:** odisyon/entèvyou kalkile sou yon kritè. Yon gwoup ki konpoze reprezantan ProArts College la, atis ki sot nan òganizasyon atizay kominotè, epi pèsònèl BAA yo ap fè odisyon yo/entèvyou yo.
- **20% nòt la:** Si elèv la resevwa ase inite valè akademik poul konplete ane nesèsè a. Pa egzanp, yon elèv kap ranpli aplikasyon pou 9yèm ane nan BAA va gen pou l montre li gen ase inite valè akademik pou l konplete 8yèm ane a avan jwen ane li fè demand la.
- **20% nòt la:** Si elèv la gen yon dosye prezans sifizan pou l konplete ane nesèsè a. Pa egzanp, yon elèv kap ranpli aplikasyon pou 9yèm ane nan BAA va gen pou l montre li gen ase prezans pou li konplete 8yèm ane a avan jwen ane li fè demand la.
- **5% nòt la:** dosye kondwit disiplin (pinisyon)
- **5% nòt la:** rekòmandasyon lekòl ki refere w la

## Konplete Pwosesis Admisyon an

Si nou asepte elèv la oswa mete li sou yon lis datant, nou va mande li ranpli yon [aplikasyon](#) admisyon. Elèv yo voye relve nòt ofisyèl yo epi ekri de redaksyon ki bay yo opòtinite pou yo entwodwi tèt yo bay kominote BAA a. Relve nòt yo pèmèt pèsònèl yo plase elèv yo nan klas apwopriye yo epi redaksyon yo entwodwi elèv yo a lekòl la epi enfòmè konsèy plasman an. Fò elèv yo voye relve nòt yo ak redaksyon yo pou yo konplete pwosesis admisyon an, men yo pap konsidere pou desizyon admisyon an. Nou mande elèv lis datant yo pou menm dokiman yo. Si yon elèv nou fin asepte rejte admisyon li, nou vle kapab ofri yon elèv lis datant yo yon plas vid rapid rapid.

## Lis Datant pou Teknoloji Lamòd

Elèv ki sou lis datant pou teknoloji lamòd la va rete sou lis datant la jiska fen Desanm nan. Si elèv la pa antre avan fen Desanm nan l ap bezwen refè pwosesis admisyon an pou ane lekòl suivan an pou nou kapab konsidere l pou BAA.

## **Pwosesis Apèl pou Teknoloji Lamòd**

Elèv nou pa asepte oswa nou mete sou lis datant ki ta renmen konteste desizyon an dwe mete yon randevou ak Dwayen Atistik la atravè direksyon an nan nimewo 617-635-6470.

## **Kondisyon Katab Dosye W yo:**

- Ou dwe genyen 12-15 desen mòd (oswa ladmòd) ak 5 zèv atizay pou pi piti ki montre enspirasyon w sou nenpòt kalite matyè
- Enkli travay ou fè byen ladann; montre nan kisa w fò
- Nou ankouraje kaye desen, men nou pa egzije sa. Nou kapab konsidere zèv ki fin fèt nan yon kaye desen kòm pati katab aplikasyon w la
- Pran san w ak chak nan zèv ou yo
- Elèv ki gen zèv atizay dijital oswa yon katab dosye sou sit entènèt ka enkli yo, aksè òdinatè ak entènèt disponib
- Fè si zèv ou prezante avèk swen (katab chè pa nesèsè!)
- Li pa nesèsè pou pote pwòp zouti atizay ou avè' w; nou va founi w avè' yo

## **Egzijans Odisyon:**

- Tande tout enstriksyon ak kestyon yo ak swen epi poze kestyon si w pa fin klè sou yon bagay
- Konsidere pwèn fò w yo epi eseye fè kèk bagay nouvo
- Sonje sa kliyan w yo renmen lòske w ap fè kreyasyon w yo

## **Lòske ou nan odisyon an, fè si ou:**

- Jere tan w
- Itilize materyo diferan epi eseye fè sa mache
- Montre stil ou ak travay ou
- Vini ak yon mont; sa ede pou kontwole lè a
- Bay tout efò w epi amize w
- Rezoud pwoblèm epi fò w kreyatif epi pa pè

## **Nou va jije katab dosye yo ak odisyon yo selon:**

- Kapasite pou swiv direksyon
- Jan w Jere Lè a
- Atitid
- Envansyon

- Konpozisyon/ Desen
- Itilizasyon efikas plizyè materyo
- Atizan
- Prezantasyon

# ADMISYON ATIZAY VIZYÈL

## Pwosesis Admisyon pou Atizay Vizyèl

Paske pwogram atizay vizyèl nou an se yon pwogram Perkins Chapit74, nou gen egzijans pou nou swiv yon gid pou atizay vizyèl eta Massachusetts la etabli.

Pwosesis Chapit74 mande pou pwosesis admisyon an genyen senk kategori ladann: odisyon/entèvyou; nòt; dosye prezans, disiplin (pinisyon)/dosye kondwit; ak yon rekòmandasyon sot nan lekòl ki voye la.

Pwosesis Chapit 74 la mande pou gen senk kategori nan pwosesis admisyon an: odisyon/entèvyou ; nòt ; dosye prezans; dosye kondwit disiplin (pinisyon); ak yon rekòmandasyon ki sot nan lekòl ki refere elèv la. Elèv yo va resevwa yon nòt konbine ki baze sou tout 5 domèn yo. Nou va konsidere tout 5 domèn yo nan yon nòt konbine selon pousantaj swivan yo:

- **50% nòt la:** odisyon/entèvyou kalkile sou yon kritè. Yon gwoup ki konpoze reprezantan ProArts College la, atis ki sot nan òganizasyon atizay kominotè, epi pèsònèl BAA yo ap fè odisyon yo/entèvyou yo..
- **20% nòt la:** Si elèv la resevwa ase inite valè akademik poul konplete ane nesèsè a. Pa egzanzp, yon elèv kap ranpli aplikasyon pou 9yèm ane nan BAA va gen pou l montre li gen ase inite valè akademik pou l konplete 8yèm ane a avan jwen ane li fè demand la.
- **20% nòt la:** Si elèv la gen yon dosye prezans sifizan pou l konplete ane nesèsè a. Pa egzanzp, yon elèv kap ranpli aplikasyon pou 9yèm ane nan BAA va gen pou l montre li gen ase prezans pou li konplete 8yèm ane a avan jwen ane li fè demand la.
- **5% nòt la:** dosye kondwit disiplin (pinisyon)
- **5% nòt la:** rekòmandasyon lekòl ki refere w la

## Konplete Pwosesis Admisyon an

Si nou asepte elèv la oswa mete li sou yon lis datant, nou va mande li ranpli yon **aplikasyon** admisyon. Elèv yo voye relve nòt ofisyèl yo epi ekri de redaksyon ki bay yo opòtinite pou yo entwodwi tèt yo bay kominote BAA a. Relve nòt yo pèmèt pèsònèl yo plase elèv yo nan klas apwopriye yo epi redaksyon yo entwodwi elèv yo a lekòl la epi enfòmè konsèy plasman an. Fò elèv yo voye relve nòt yo ak redaksyon yo pou yo konplete pwosesis admisyon an, men yo pap konsidere pou desizyon admisyon an. Nou mande elèv lis datant yo pou menm dokiman yo. Si yon elèv nou fin asepte rejte admisyon li, nou vle kapab ofri yon elèv lis datant yo yon plas vid rapid rapid.

## Lis Datant pou Atizay Vizyèl

Elèv ki sou lis datant pou teknoloji lamòd la va rete sou lis datant la jiska fen Desanm nan. Si elèv la pa antre avan fen Desanm nan l ap bezwen refè pwosesis admisyon an pou ane lekòl suivan an pou nou kapab konsidere l pou BAA.

## Pwosesis Apèl pou Atizay Vizyèl

Elèv nou pa asepte oswa nou mete sou lis datant ki ta renmen konteste desizyon an dwe mete yon randevou ak Dwayen Atistik la atravè direksyon an nan nimewo 617-635-6470.

## Kondisyon Katab Dosye W yo:

- Elèv yo dwe gen 10-12 zè nan dosye yo.
- Elèv yo dwe enkli zè yo fè byen ladann; montre nan kisa w fò.
- Elèv yo dwe enkli teknik ak ide ki nouvo pou yo.
- Elèv yo dwe kreye zè atizay avèk materyo atizay diferan.

## Pa Egzanp:

- Kreyon
- Lank
- Kreyon Koulè
- Ajil
- Papye, kolaj
- Fotografi (elèv yo dwe fè foto yo epi enprime yo/devlope yo)
- Penti
- Kreyon chabon/pastèl
- Et setera!
- Elèv yo dwe eseye genyen plizyè kalite sijè nan katab yo.
- Nou ankouraje kanè desen, men nou pa egzije sa. Nou kapab konsidere zè ke w fin akonpli nan kaye desen w etan pati katab aplikasyon w.
- Elèv yo dwe pran san yo ak chak zè.
- Elèv ki gen zè atizay dijital oswa yon katab sou entènèt ka enkli yo; nap gen aksè òdinatè ak aksè entènèt disponib.
- Elèv ki gen yon pil ti komik nan katab yo dwe gen zè orijinèl SELMAN, pa kopi imaj ti komik ki egziste deja. Nou kapab fè ti komik yo nan yon stil patikilye, (ki vle di: Anime, Manga), men nou pa dwe kopye imaj lòt animatè kreye deja pou n prezante nan katab BAA a.
- Elèv yo dwe prezante zè yo avèk swen, men katab chè pa nesèsè!
- Li pa nesèsè pou elèv yo vin ak ekipman atizay pa yo; nou va founi ekipman atizay pou elèv yo

## Egzijans Odisyon:

- Tande tout enstriksyon ak kestyon yo avèk swen epi poze kestyon si ou pa fin klè sou yon bagay
- Konsidere pwèn fò w yo epi eseye fè kèk bagay nouvo

### **Lòske ou nan odisyon an, fè si ou:**

- Jere lè a
- Gade plizyè kalite objè nan odisyon an
- Itilize diferan materyo epi eseye fè sa mache
- Itlize tout paj la
- Rezoud pwoblèm yo epi fò w kreyatif epi w pa bezwen pè
- Vini ak yon mont; sa va ede pou swiv jan w itilize tan ou

### **Nou va jije dosye yo ak odisyon yo selon pwen swivan yo:**

- Kapasite pou swiv direksyon
- Jan w Jere Lè a
- Envansyon
- Atitid
- Konpozisyon/desen
- Itilizasyon efikas plizyè materyo
- Repezantasyon ak obzèvasyon
- Metriz sa w ap fè a
- Prezantasyon

# FOMASYON PWOFEZYONEL AK ETID TEKNIK

Boston Arts Academy fyè pou li fè pati fanmi Fòmasyon Pwofesyonèl ak Etid Teknik Perkins la (Perkins Career & Technical Education - CTE, an Anglè). Depi lè l te kòmanse, BAA ap ofri pwogram CTE ki bay vrè eksperyans pou elèv nan endistri popilè yo. Nou ofri yon pwogram eta a bay nan Desen ak Kominkasyon Vizyèl, ansanm ak pwogram nan etid konsèvatè, sinema (reyalizasyon), teyat teknik, ak teknoloji mizik.

Pwogram Desen ak Kominikasyon Vizyèl la se yon seri kou katran kote elèv yo bati kapasite kreyatif, vokabilè ak pwosesis ki gen pou wè ak desen grafik, ilustrasyon, fotografi dijital ak fotografi chanm nwa, modèl 3 Dimansyon atravè desen achitekti ak desen enteryè (dekorasyon enteryè), desen idantite (desen antrepriz)/desen mak, grafik anime, animasyon 2 Dimansyon, konsepsyon sit entènèt ak eleman bazik konsepsyon sit entènèt HTML ak CSS. Elèv yo gen opòtinite pou yo dekwoche yon sètifika nan pwodwi lojisyèl Adobe ki pèmèt yo kreye epi founi ide novatris pou enprimri, sit entènèt, tablèt, ak telefòn entèlijan.

**“Pandan mwen te nan BAA a mwen te gen privilèj pou m te nan mitan tout kalite atis pasyone epi m te gen privilèj travay avèk yo. Anviwonman an ak enèji a nan BAA te ede mwen devlope yon entèlijans ki ede m etan pwofesyonèl.”**

Desen ak Kominikasyon Vizyèl CH 74  
DEWOULMAN KOU YO

ANE	ENFÒMASYON SOU KOU YO	AKREDITASYON
<b>9yèm ANE</b>	<b>DESEN 1 (725-101)</b> Inite valè: 3 1 Semès	
<b>10yèm ANE</b>	<b>DESEN 2 (725-201)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon  <b>FOTO 1 (725-205)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon	
<b>11yèm ANE</b>	<b>DESEN 3 (725-301)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon  <b>FOTO 2 (725-305)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon  <b>EGZIBISYON 1 (725-204)</b> Credits: 3 1 Sesyon	
<b>12yèm ANE</b>	<b>DESEN 4 (725-401)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon  <b>EGZIBISYON 3 (725-304)</b> Inite valè: 3 1 Sesyon	OSHA 10-ÈD TAN SETIFIKASYON ENDISTRI JENERAL  (ACA) ADOBE PHOTOSHOP